


Yon kabrit, yon chen ak  
yon bèf



✎ Fabian Wakholi!

✉ Marleen Visser, Ingrid Schechter

✉ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 2

🗨️ krèyol ayisyen ht



**Global Storybooks**


[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

**Yon kabrit, yon chen ak yon  
bèf**

✎ Fabian Wakholi!

✉ Marleen Visser, Ingrid Schechter

✉ ACE Haiti-University of Notre Dame USA




This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>







Yon kabrit, yon chen ak yon bèf  
te bon zanmi. Yon jou yo pran  
yon taksi pou yal flannen.

Lè yo rive kote yo prale, chofé a  
mande yo peye pri transpò an.  
Bèf la peye transpò pa li.






Chen an peye yon ti kras anplis paske li pat gen lajan egzat lan.



Bèf lan li menm pa gen pwoblèm lè li wè yon machin. Li pran tan li pou li travèse lari a kè pòpòz paske li konnen ke li peye tout pri transpò a.


Kabrit lan kouri sove chak fwa !!  
wè yon machin. Li pè pou' l pa  
ale nan prizon akòz lajan li dwe  
an.

8




Lè chofè an ta pral remèt li nan  
lajan an li wè kabrit lan ki  
tonbe kouri san li pa peye.

5





Chofè an pat kontan ditou. Li pati san li pa remèt chen an rest lajan an.



Se pou sa a, jis jounen jodya a chen an kouri deyè chak machin li wè paske lap cache chofè a ki dwe li yon lajan.